ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭХЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№59 (23.467) ● 2017 гъэм мэлыжьыхьым (апрелым) и 4, гъубж ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэр метрополитеным къыщыхъуа щІэщхъушхуэм хэкІуэдахэм я Іыхьлыхэмрэ я благъэхэмрэ, Санкт-Петербург дэс псоми яхуэзгуэващ

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэр метрополитеным и станцхэм ящыщ зым къыщыхъуа щІэщхъушхуэм хэкІуэдахэм я Іыхьлыхэм-рэ я благъэхэмрэ, Санкт-Петербург дэс псоми яхуэгуэващ. Полтавченко Георгий абы хуиГъэхьа телеграммэм итщ:

«Санкт-Петербург и метрополитен и станциІым я зэхуакум гуэзвэгъуэшхуэ къызэрыщыхъуар икІи абы цыхуэ куэд зэрыхэкІуэдар Къэбэрдей-Балъкъэрым исхэм ягу щІыхьащ. ХэкІуэдахэм я унагъуэхэм сахуогузавэ, фэбжь зыгъуэтахэм я узыншагъэр икІощІыпІэкІэ зэтеувэжыну си гуапэщ. А къэхъукъащІэм и щхьэусыгъуэр зэман кІощІым кьурибыдэу зэрызэхагъэкІынум икІи абы хуэфащэ унафэ зэрытращІыхьынум шэч хэлъхьым».

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іанпэ.

КІуэкІуэ Ю. А., Кравцов С. С. сымэ Налшык къыщыхъуэ Экологием и илъэс Урысейм зэрыщрагъэкІуэкІым теухуа «ТекІуэныгъэм папщІэ балли 100» къэралпсо Іуэхур

Налшык щрагъажьэ Экологием и илъэс Урысейм зэрыщрагъэкІуэкІым хуэгъэпса «ТекІуэныгъэм папщІэ балли 100» къэралпсо Іуэхур. Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрийрэ ЕгъэджэныгъэмрэщІэныгъэмрэ я ІэнатІэм щыкІэлъплъынымкІэ федеральнэ къулыкъущІапІэм и унафэщІ Кравцов Сергейрэ «ДыгъафІэ къалэ» Сабий творчествэмкІэ академием а лэжьыгъэр гъуэгу щытрагъэувэ.

АБЫ хиубыдэу лэжьэкІэ зэмылІэужьыгъуэхэм я щхьухэм щыгъуазэ защІынущ ди республикэм, Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым и школхэр къэзыуххэм ящыщ куэдым.

ШколакІуэхэмрэ студентхэмрэ ящыгъуэ фІы дыдэу школыр къэзыуххэм я щІыхькІэ Академием и пщІантІэм жыгъэр щыхасэнущ КІуэкІуэ Юрий, Кравцов Сергей, Кавказ Ищхъэрэм и щІынальэхэм ЕгъэджэныгъэмкІэ я министерствэхэм я унафэщІхэм.

Мы лэжьыгъэр илъэс ещанэ хъуауэ кІыэзрагъэпэщ. Хэку Зауэшхуэм къыщІэхъа ТекІуэныгъэр илъэс 70 зэрырикъум и щІыхькІэ ар 2015 гъэм Санкт-Петербург къалэм щрагъажьауэ щытащ. Нэгъабэ Іуэхур хуагъэпсащ апэ космонавтыр уэгум зэрихьэрэ илъэс 55-рэ зэрырикъум.

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іанпэ.

КІуэкІуэ Ю. А. къыдигъэкІа Указымкі Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Щэнхабзэ хъугъуэфІыгъуэхэмкІэ къэрал хъумакІуэ управленэм и унафэщІу Дроздов И. П. игъэуващ

КІуэкІуэ Юрий и Указкі Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Щэнхабзэ хъугъуэфІыгъуэхэмкІэ къэрал хъумакІуэ управленэм и унафэщІу игъэуващ КЪБР-м и Іэтащхьэм и чэнджэщгъуу щыта Дроздов Игорь.

ДРОЗДОВ Игорь Пётр и къуэр 1955 гъэм Налшык къалэм къыщалъхуащ. Авиацэм къыщагъэсэбэп Іэмэпсымэхэр щІынымкІэ Ленинград дзэ институтыр къиухащ.

1975 гъэм лэжьэн щІидзащ. 2012 - 2014 гъэхэм «Къэбэрдей-Балъкъэр» программэхэр къэзыт телеканал» къэрал щэнхабзэ Іуэхущ Іанпэм и унафэщІу щытащ. 2014 гъэм и мазае - щэкІуэгъуэ мазэхэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Печатымрэ цІыхубэ коммуникацэхэмкІэ и къэрал комитетым и унафэщІу, 2014 - 2017 гъэхэм КЪБР-м и Іэтащхьэм и чэнджэщгъуу лэжьащ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЩІыхь тхылъыр къратащ.

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іанпэ.

● Гу зылъытапхъэ

«ТекІуэныгъэ» мафІэгур гъуэгу тохьэ

Мэлыжьыхьым и 6-м щегъэжьауэ и 13 пщІондэ Кавказ Ищхъэрэ гъущІ гъуэгум «ТекІуэныгъэ» мафІэгур щызекІуэнущ. Мы гъэм абы Мэхъэчкъалэ, Грознэ, Прохладнэ, Владикавказ, Налшык, Нэзрэн, Псыхуабэ, Черкесск станцхэр зэпищІэнущ.

ЗИ ГУГЪУ тщІы станцхэм театр теплъэу гъэпса концерт щагъэлъэгъэнущ. Ар ягъэхьэзыращ Ростов и станц нэхъыщхьэм и гъущІ гъуэгу лэжьакІуэхэм Щэнхабзэмкіэ я унэмрэ гъущІ гъуэгу зэпыщІэныгъэхэмкІэ Ростов къэрал университетымрэ (РГУПС) я творческэ гупхэм.

Концертым и программэм хагъэхьащ Хэку зауэшхуэм теухуа дэфтэрхэр, уэрэдхэр, къафэхэр, а лъэхъэнэ хьэлъэр къэзыІуэтэж литературэ тхыгъэхэр.

«ТекІуэныгъэ» мафІэгур Хэку зауэшхуэм и зэманым къагъэсэбэпу щыта вагонхэм къыхахащ. Апхуэдэщ вагон зэхуэщІахэр, дзэ техникэр зэрагъэІэпхъуэу щытахэр, салон-вагонхэр. Псори Кавказ Ищхъэрэ гъущІ гъуэгум и музейм и экспозицэм щыщщ.

КъыщІувыІэхэм деж хуейхэр вагон кІуэцІхэм ягъэпльынущ.

ХъыбарегъащІэ ІэнатІэхэм я пІыкІуэхэр мы гуфІэгъуэ Іэзхуэгъуэхэм ирагъэблагъэ. Зезыгъэтхыну хуейхэр «РЖД» ОАО-м и Кавказ Ищхъэрэ гъущІ гъуэгум и хэщІапІэм мы телефонкэмкІэ фыпсалъэ: **(863) 259-51-56; 259-51-75, 259-52-05**. Мэлыжьыхьым и 3-м щегъэжьауэ **+7-905-451-40-35** телефонымкІэ **Капустинэ Еленэ, +7-928-183-20-11** телефонымкІэ **Розин Александр, +7-918-571-61-20** телефонымкІэ **Кузнецов Сергей** запыфщІэ хъунущ.

«ТекІуэныгъэ» мафІэгум вокзалхэм концерт щыщытыну махуэхэр:

мэлыжьыхьым и 6-м - Мэхъэчкъалэ;
мэлыжьыхьым и 7-м - Грознэ;
мэлыжьыхьым и 8-м - Прохладнэ;
мэлыжьыхьым и 10-м - Владикавказ;
мэлыжьыхьым и 10-м - Нэзрэн;
мэлыжьыхьым и 11-м - Налшык;
мэлыжьыхьым и 12-м - Псыхуабэ;
мэлыжьыхьым и 13-м - Черкесск.

Кавказ Ищхъэрэ гъущІ гъуэгум мы фэеплъ Іуэхугъуэр иджы ебланэрэ къыхелъхьэ. Илъэс кІуахэм а вагон зэпыдзахэр Ростов, Краснодар, Минводы щыналъэхэм я гъущІ гъуэгу станцхэм, апхуэдэу Приволжскэ гъуэгум и станц зыбжанэм щыІащ.

«Фэтэр куэд хъу унэхэр зехьэнымкІэ лэжьыгъэхэр ирагъэкІуэкІыну хуит зэращІ лицензэхэр тынымкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм лицензэхэмкІэ и комиссэм и Іуэхухі» 2014 гъэм дыгъэгъазэм и 23-м Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм къыдигъэкІа Указ №260-УГ-м, комиссэм хэтхэу а Указымкіэ къащтахэм зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

«Фэтэр куэд хъу унэхэр зехьэнымкІэ лэжьыгъэхэр ирагъэкІуэкІыну хуит зэращІ лицензэхэр тынымкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Энергетикэмкіэ, тарифхэмкІэ, псэупІэм и ІэнатІэм щыкІэлъплъынымкІэ и къэрал комиссэм и унафэщІым и кьалэнхэр зыгъэзащІэр *(комиссэм и тхьэмадэщ)*

Чимаев Т. Ж. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Энергетикэмкіэ, тарифхэмкІэ, псэупІэм и ІэнатІэм щыкІэлъплъынымкІэ и къэрал комитетым псэупІэм и ІэнатІэм щыкІэлъплъынымрэ лицензэхэр тынымкІэ и унафэщІым и унафэщІым и кьалэнхэр зыгъэзащІэр;

къыхэгъэкІыжьын Къэжэр Н. А., Тутыкъу А. М. сымэ.

2. Мы Указым къару егъэт Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІІУЭ Юрий

Налшык къалэ
2017 гъэм гъатхэпэм и 29-м
№42-УГ



♦**Интернетым и дунейпсо махуэщ**

♦**Лагъымым къыпкърыкІ шынагъуэмрэ щІым а Іэщэ лІэужьыгъуэр къыхэхьажьынымрэ ятеухуа щІэныгъэ цІыхухэм етыным и дунейпсо махуэщ**

♦**1719 гъэм** Урысейм Ладогэ кІэнаугъэ, Волхов, Нева псыхэр зэпызыщІэр, ухуэн щыщІадзащ.

♦**1785 гъэм** инджылыз инженер Картрайт Эдмунд ираташ щэкІ зэрызэІуащ, лъакъуэкІэ бгъэлажьэ хуэ станкохэр къыхэзыгупсысам щыхьэт текъуэ тхылъыр.

♦**1932 гъэм** США-м щыщ биохимик Кинг Чарльз Глен С витаминыр къыхуатащ.

♦**1933 гъэм** Къэбэрдей-Балъкъэрым и тхакІуэхэм я оргбюро къызэрагъэпэщащ.

♦**1945 гъэм** Дзэ Плъыжьым Венгриер хуит къищІыжащ.

♦**1949 гъэм** Вашингтон къыщызэрагъэпэщащ НАТО зэгуэхьэныгъэр. Абы хьыхьат США-р, Бельгиер, Инджылызыр, Голландиер, Даниер, Исландиер, Италиер, Канадэр, Люксембургыр, Норвегиер, Португалиер, Франджыр.

♦Совет актрисэ цІэрыІуэ, СССР-м и цІыхубэ артисткэ **Быстрицкая Элинэ** и ныбжьыр илъэс 89-рэ ирокъу.

♦Совет кинорежиссёр, сценарийхэр зытхыу щыта, РСФСР-м и цІыхубэ артист, Лениным и цІэр зезыхьэ саугъэтыр зрата **Тарковский Андрей** къызэралъхурэ илъэс 85-рэ ирокъу.

♦Совет усакІуэ-уэрэдус цІэрыІуэ, УФ-м и цІыхубэ артист **Резник Илья** и ныбжьыр илъэс 79-рэ ирокъу.

♦Адыгэхэм я къеКІуэкІыкІам теухуа лэжьыгъэ куэд зиІа, тхыдэ щІэныгъэхэм я доктор, профессор **Кокиев Георгий** къызэралъхурэ илъэси 121-рэ ирокъу.

♦Къэрал къулыкъущІэ, Абхъаз Республикэм и етІуанэ президенту щыта, АР-м и ЛІыхъужь **Бэгъэпщ Сергей** къызэралъхурэ илъэс 68-рэ ирокъу.

♦УсакІуэ, Адыгэ Республикэм щэнхабзэмкІэ щыІэхэзиІэ и лэжьакІуэ **Емыжь Мулиет** къыщалъхуа махуэщ.

♦Философие щІэныгъэхэм я доктор, профессор, УФ-м цІыхуэмкІэ щІэныгъэ нэхъыщхьэ егъэгуэтын и Іэнатіэм щыхь зиІэ и лэжьакІуэ, КъБКъУ-м и проректор **Къумыкъу Іэуес** и ныбжьыр илъэс 51-рэ ирокъу.

♦Актёр, теленэтынхэр езыгъэкІуэкІ **Нагиев Дмитрий** и ныбжьыр илъэс 50 ирокъу.

♦Дунейм бэнэкІэ хуитымкІэ и чемпион **Нартокъуэ Аслъэн** и ныбжьыр илъэс 37-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриты мкІэ, Налшык уэфІу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 15 - 18, жэщым градуси 7 - 8 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.**

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Щхъуэ зезыхьэм Іыхьэ щанэр лъосыж.

● КЪБР-м и Парламентым и Президиумым

КЪБР-м и Парламентым и Президиумым и зэІущІэм, «правительство сыхьэтым» хьыхьэу, щыхэпльащ агропромышленнэ комплексым зэрызиужьым пыщІа Іуэхугъуэхэм. Щытыкіэр зэпкърихьу абы къыщыпсэльащ республикэм и апэ вице-премьер - мэкъумэш хозяйствэмкІэ министр Говоров Сергей.

Тонн мелуаным нэс къытхуэлэжьынущ

АБЫ къызэригъэлъэгъуамкІэ, иужьрей илъэсипщІым елъытауэ АПК-м дежкІэ гъэ кІуар куэдкІэ нэхъыфІу щытащ. Псом япэу, ар и фІыгъэщ сом меларди 2-рэ мелуан 496-рэ мин 502,3-рэ а ІэнатІэм зэрыхалъхьам. БжьыгъэкІэ къащтэмэ, гъавэрэ джэшхэкІыу тонн мелуанрэ мини 150,3-рэ нэгъабэ кърахьалІэжащ. Абы щыщу тонн мин 919,2-р нартыхуэ гъавапхъэщ.

- ЗэдгъэхъуІалахэм тетщІыхьмэ, илъэс къэс ику иту гъавэу тонн мелуаным нэс къытхуэлэжьынущ, - къыхигъэщащ министрым.

Республикэм и хозяйствэ лІэужьыгъуэ псоми сом мелард 43,8-рэ и уасэ продукцэ кърахьэлІащ. Сом мелард 25,2-рэ и уасэр мэкъумэшхэкІщ, сом мелард 18,6-рэ и уасэр Іэщхэкіщ.

Говоров Сергей зэрыжиІамкІэ, ерыскъым, ерыскъыпхъэхэм елэжь промышленностым и ІэнатІэ нэхъыщхьэхэр нэгъабэ зэпІэзэрыту лэжьащ. Пхъэщхьэмыщхьэ, хадзкэкІ консерву иралъхьэм, лырэ лыхэкІыу кьалэжьым, нэкупъу, шэ щІэмыхъм кьыхащІыкІ ерыскъыгъуэу, къуэйрэ къуэйлъалъэу, щэ дагъэу ягъэхьэзырым, нарзанытпсрэ псыІэфІу ирагъахъуэм хэпщІыкІыу хэхъуащ.

Бжьыхьэ кІуам зыщІадза губгъуэ лэжьыгъэхэр зэрекІуэкІми зэпкърыхауэ къытеувыІащ.

- МацІэхэр гъэкІуэдыным гулъытэ хэха хуэтщІынущ. Мы гъэм а Іуэхум ком мелуаниТ республикэ бюджетым щыхухахащ. Ауэ, нэгъабэ щытыкІэр зыхуэдам тетщІыхьмэ, хуэдитКІэ нэхъыбэ дыхуеинущ, - къыгъэльэгъуащ ямэ вице-премьерым.

- Гъэ кІуам къеха уэм хэщІыныгъэ кьишащ. Гъавэ щІапІэхэр абы щахьэмэн папщІэ, иджы ракетэхэр кьащэхуну я мурадщ.

Тракторхэм я процент 75-р, пхъэІэщэхэм я процент 72-р, культиваторуи апхуэдизыр, жылаСэ машинэхэм я процент 74-р гъатхэ-губгъуэ лэжьыгъэхэм хуэхьэзырыщ. Мэкъумэш техникэр зэгъэпэщыжьным сом мелуани 120-рэ хухахыну трауХащ.

ЗэІущІэм къыщыхагъэщащ, уней подсобнэ хозяйствэхэри хэту, лэжьакІэщІэхэм щыхуэжІуа мэкъумэш ІэнатІэщхуэхэр къызэрагъэпэщын, кьуажэ кооперацэхэм зрагъэужьыын зэрыхуейр.

МэкъумэшыщІэ-фермер, уней лъапсэ хозяйствэхэм, нэгъуэщІ ІэнатІэ цІыкІуэхэм гъавэрэ ІэщхэкІыу кьалэжьыну, Іыхьпі Іэхэм иратыну я мурадхэр дяпэкІэ зэуІуу ягъэбелджьылын хуейщ. Мы Іуэхур тэмэму зэтраухуэн папщІэ, а Іуэхущ Іанпіэхэм нэхъ жыджэру зэрадзлэжьапхъэр зэІущІэм къыщагъпэзэгъуащ. Республикэм и мэкъумэшыщІэхэр ерыскъыщапІэ бззэрхэм, розницэ сату щІыпІэхэм хуиту щыІэжьэн папщІэ, апхуэдэ Іэмал кьахуэгъэпэщын зэрыхуейри кьыхагъэщащ.

Говоров Сергей депутатхэм я упщІэхэми жэуап яритащ. КЪБР-м и Парламентым и Унафэщі Егоровэ Татьянэ щІэупщІащ ягъэхьэзыр продукцэ лІэужьыгъуэхэм ящыщу ди тыкуэнхэм щащэр щІэмащІэм. Министрым зэрыжиІамкІэ, фІагъэшхуэ зэраІэм къыхэкІыу, республикэм къыщалэжь мэкъумэшхэкІхэм Мэзкуу, Санкт-Петербург кьалэхэм, Тэтэрстаным, нэгъэщІ щІыпІэхэми куэду къыщыщІоупщІэ. Къэбэрдей-Балъкъэрым и сату щІыпІэхэм абыхэм хуэфащэ увыпІэ щагубыдын щхьэхкІэ, зэман гуэр дэкІын хуейщ.

Мэкъумэш хозяйствэ лІэужьыгъуэхэм хухах грантхэмрэ субсидиехэмрэ къызэрагъэсэбэпым зэрыкІэлъыплъ щыкІэм, АПК-м и ІэнатІэхэм нэгъабэ халъхьа мылъкум къыпэкІуэну зыпэплъэхэм министрыр щхьэхуэу кьытеувыІащ.

Зэхьхьэм Іуэхугъуэ зыбжанэ къыщыхалъхьащ. КЪБР-м Мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министерствэм чэнджэщ ираташ льыгэкІэ кредит зэрыхухах Іэмалыщім гъавэгъэкІэмрэ Іэщыхьэхэмрэ нэхъ жыджэру хагъэгъуэзэну, къэрал дэІепыкъуныгъэм къыпэкІуэ фейдэм хагъэхъуэну, республикэм и АПК-м зи мылъку хэзылъхьэнуэр трагъэгушхуэн папщІэ, зыхуэфащэ пщалъэ-хабзэ лъабжьэр ирагъэІэкІуэну.

Парламентархэм я зэІущІэм щыхэплъащ федеральнэ законхэм я проектхэм ятеухуа Іуэхугъуэ зыбжанэм, УФ-м и адрей щыналъэхэм щыщ депутатхэм я хабзэубзыху жэрдэмхэмрэ я зэрызыхуагъэзэхэмрэ.

Апхуэдэу унафэ кІащтащ лэжьыгъэм и ветеран Урыс Раисэ, «Адыгэ Республикэм и цІыхубэ щэнхабзэ центр» ГБУ-м и унафэщІ Къул Іэмырбий, «Псы гуэшыпІэ» ООО-м и электроннэзэшк машинэм и кІэлъплъакІуэ-оператор Дуковэ Наталье сымэ КЪБР-м и Парламентым и ЩІыхь тхылъыр иратыну.

КЪБР-м и Парламентым и пресс-Іуэхущ Іанпіэ.

● ХъыбарегъащІэ

Пшыхьым фрагъэблагъэ

КЪБР-м Щэнхабзэмкіэ и министерствэм республикэм щыпсэухэмрэ абы и хьэщІэхэмрэ фрегъэблагъэ УФ-м гъуэзджэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ Шортэн Аскэрбий къызэралъхурэ илъэси 100 зэрырикъум и щІыхькІэ къызэригъэпэща пшыхьым. Щоджэнцыкіу Алий и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым мэлыжьыхьым и 12-м сыхьэт 18-рэ дакъикъэ 30-м щыщІидзэнущ абы.

УпщІэ зиІэхэр фыпсалъэ хъунущ мы телефонымкІэ: **42-43-13**.

«Адыгэ псалъэм» Іэ тевдзэ

«Адыгэ псалъэм» и ныбжьэгъуфІхэ!

Илъэс ныкъуэм ныфхуахъыну ди газетым Іэ щІэвдзыну фыхунэмысамэ, иджыри Іэмал фиІэщ ар вгъэзэкІуэжыну.

Мэлыжьыхьым и 21 пщІондэ Іэ щІэвдзамэ, «Адыгэ псалъэр» ныфІэрыхьэнущ накъыгъэм и 1-м къыщыщІэдзаеуэ.

МазитІым ди газетым и уасэр сом 218-рэ кІэпІейкІэ 66-рэщ.

Ди индексыр 51531

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и судыщIэхэм IэщIагъэмкIэ я коллегием жылагъуэ лIыкIуэхэр зэрыхагъэхьэ щIыкIэм и Iуэхукlэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 2-нэ, 4-нэ статьяхэм зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым хуэгъэзэауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещI**:

1. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и судыщIэхэм IэщIагъэмкIэ я коллегием жылагъуэ лIыкIуэхэр зэрыхагъэхьэ щIыкIэм и Iуэхукlэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 2-нэ, 4-нэ статьяхэм зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законыр къэщтэн.

2. А Законыр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм хуегъэхьын Iэ щIидзын икIи цIыхухэр щыгъуазэ ищын папщIэ.

3. Мы Унафэм къару егъуэт къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ
ЕГОРОВЭ Татьянэ

Налшык къалэ
2017 гъэм мазаем и 28-м
№638-П-П

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и судыщIэхэм IэщIагъэмкIэ я коллегием жылагъуэ лIыкIуэхэр зэрыхагъэхьэ щIыкIэм и Iуэхукlэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 2-нэ, 4-нэ статьяхэм зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым къыщIэщIа 2017 гъэм мазаем и 28-м

1 статья

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и судыщIэхэм IэщIагъэмкIэ я коллегием жылагъуэ лIыкIуэхэр зэрыхагъэхьэ щIыкIэм и Iуэхукlэ» 2002 гъэм бадзэуэгъуэм и 19-м къащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №43-РЗ-м мы къыкIэлыкIуэ зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэн:

1. 2-нэ статьям и Iыхьэ 2-м и пункт 2-м къару имыIэжу къэлъытэн

2. 4-нэ статьям и Iыхьэ 7-м къару имыIэжу къэлъытэн.

2 статья

Мы Законым къару егъуэт официальнэу къыщытрадзам щегъэжьауэ махуипщI дэкIа иужь.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Юрий

Налшык къалэ
2017 гъэм гъатхэпэм и 17-м
№ 9-РЗ

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Къэзэрпыщытэ-къэзыбж палатэм и Iуэхукlэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 5-нэ статьям зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым хуэгъэзэауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещI**:

1. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Къэзэрпыщытэ-къэзыбж палатэм и Iуэхукlэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 5-нэ статьям зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законыр къэщтэн.

2. А Законыр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм хуегъэхьын Iэ щIидзын икIи IуегъэкIыж» псалъэхэр хэгъэкIын;

2) пункт 3-р мы къыкIэлыкIуэм хуэдэу къэхьын:

«Урысей Федерацэм и субъектхэмра муниципальнэ щIыналъэхэмрэ къэзэрпыщытэ-къэзэрпыщытэ-къэзыбж органхэрэ къыщIэзгъэпэщыныгъэ ахэр гъэлэжьэныжкIэ псоми я зэхуэдэ хабзэхэм я Iуэхукlэ» Федеральнэ законым, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм, мы Законым, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и адрей законхэм нэгъуэщI къыщыкIыгъэльэгъуамэ, лэжьакIуэхэр къэзэщтэм (лэжьапIэ зытым) и лIыкIуэм и полномочиехэр Къэзэрпыщытэ-къэзэрпыщытэ-къэзыбж палатэм и ауэрпыщытэ-къэзыбж палатэм и аппаратым и лэжьакIуэхэм яхуэгъэзауэ егъэзащIэ;».

2 статья

Мы Законым къару егъуэт официальнэу къыщытрадзам щегъэжьауэ махуипщI дэкIа иужь.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Юрий

Налшык къалэ
2017 гъэм гъатхэпэм и 17-м
№5-РЗ

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Къэзэрпыщытэ-къэзыбж палатэм и Iуэхукlэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 5-нэ статьям зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ»

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым къыщIэщIа 2017 гъэм мазаем и 28-м

1 статья

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Къэзэрпыщытэ-къэзыбж палатэм и Iуэхукlэ» 2003 гъэм накъыгъэм и 29-м къащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №53-РЗ-м и 5-нэ статьям и Iыхьэ 5-м мы къыкIэлыкIуэ зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэн:

1) пункт 2-м хэт «Къэзэрпыщытэ-къэзыбж палатэм и аппаратым и лэжьакIуэхэр къещтэ икIи IуегъэкIыж» псалъэхэр хэгъэкIын;

2) пункт 3-р мы къыкIэлыкIуэм хуэдэу къэхьын:

«Урысей Федерацэм и субъектхэмра муниципальнэ щIыналъэхэмрэ къэзэрпыщытэ-къэзэрпыщытэ-къэзыбж органхэрэ къыщIэзгъэпэщыныгъэ ахэр гъэлэжьэныжкIэ псоми я зэхуэдэ хабзэхэм я Iуэхукlэ» Федеральнэ законым, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и Къэзэрпыщытэ-къэзыбж палатэм и аппаратым и лэжьакIуэхэм яхуэгъэзауэ егъэзащIэ;».

2 статья

Мы Законым къару егъуэт официальнэу къыщытрадзам щегъэжьауэ махуипщI дэкIа иужь.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Юрий

Налшык къалэ
2017 гъэм гъатхэпэм и 17-м
№642-П-П

КъБР-м и Парламентым и Унафэщым и къуэдзэ Афэщlагъуэ Михаил гъатхэпэм и 30-м зи чэзу зэIущIэр иригъэкIуэкIащ.

ДЕПУТАТХЭМ зэдзэарэзыуэ хахащ Налшык къалэм, Бахъсэн, Дзэлыкъуэ, Щэджэм, Прохладнэ районхэм я суд Iуэхущlапlэхэм я ззэзыгъэкIуэр хеящIэу къагъэлъэгъуахэр.

ЗэIущIэм къыщащтащ «Егъэджэныгъэм и Iуэхукlэ» КъБР-м и Хабзэм халъхьэ зэхъуэкIыныгъэхэр. КъБР-м и Парламентым Егъэджэныгъэмкlэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэ политикэмкlэ и комитетым и унафэщI **Iэзыиуэ Светланэ** жиIащ зэхъуэкIыныгъэхэр зытеухуар сабий зеинщIэхэм, адэ-анэ зыщхьэщымытыжхэм, апхуэдэуи я еджэгъуэм ирихьэлIэу зи адэ-анэ зыфIэкIуэдахэм щIэныгъэ етыныжкIэ къералыр щэсцIлэ зэрыхъуну Iэмалхэр зэрыарар. Абы ипкъ иткIэ КъБР-м и Парламентым къыхелъхьэ «Егъэджэныгъэм и Iуэхукlэ» КъБР-м и Хабзэм и 12-нэ Iыхьэм къыщыгъэльэгъуам дэщIыгъун хуейуэ зи гугъу ящI сабийхэр зэреджэну тхыльыпэ Iэмэпсымэхэмкlэ кIыхьэгъэпэщыным, пщIэншэу автобусхэм кьыззэрыращэкIынум текIуэдэну ахъшэр зэрыхуагъэувыну щIыкIэр.

КъБР-м Законодательствэмкlэ, къэрал ухуэныгъэмрэ щIыпIэ самоуправленэмкlэ и комитетым и унафэщI **Мэлбахьуэ Борис** тепсэлъыхьащ УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм ирагъэхьыну ягъэхьэзыра, «Урысей Федерацэм и щIыналъэхэм къэрал Iуэхущlапlэхэр къызэрыщIэзгъэпэщым теухуа гурыIуэныгъэхэм я Iуэхукlэ» Хабзэм и 21-нэ Iыхьэм зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» законодательнэ жэрдэмым. Абы еубзыхуэ жылагъуэ шынагъуэншагъэр, хабзэр хъумэнымрэ абы къару иIэнымрэ зи кьалэн нэхъыщхьэ къэрал Iуэхущlапlэхэм я лэжьыгъэр. Мэлбахьуэм зэрыжиIамкlэ, жэрдэмыр хъыдаIыгъащ Федеральнэ Зэхуэсым Федерацэмкlэ, щIыналъэ политикэмрэ щIыпIэ самоуправленэмкlэ епхауэ щIыпI, УФ-м хабзэхэр къыдэзыгъэкIхэм я советым и комиссэм.

КъБР-м и Къэзэрпыщытэ-къэзыбж палатэм и унафэщI **КIасэ Динэ** тепсэлъыхьащ 2016 гъэм Iуэхущlапlэм зэфIигъэкIа лэжьыгъэм. Абы жиIащ:

- Ди къэпщытэныгъэхэм къыщIагъэщащ къэрал мылькуу сом мелуан 310-рэ мини 187,6-р хабзэм тету къэгъэсэбэпа зэрымыхъуар. Ар зэхуэпщытам и проценти 7,2-рщ, - жиIащ КIасэ Динэ. - Лэжьыгъэм кьрикIуам ипкъ иткIэ, КъБР-м и Къэзэрпыщытэ-къэзыбж палатэм дэфтэр 37-рэ игъэхьэзыращ сом мелуан 295-рэ мин 629,6-м хуэгъэзауэ щIыIэ ныкъусаныгъэхэр гъэзэкIуэжьынымкlэ ягъэпсынкъ. Абыхэм ящыщу 15-р ягъэзэщIащ, 11-м иджыри я пIалъэр иклакъым. Iуэхущlапlэ 11-м кьыхуагъэлъэгъуар щамыгъэзащIэм, КъБР-м и Къэзэрпыщытэ-къэзыбж палатэм аргуэру тхыгъэхэр яхуигъэхьри, 7-м зэфIагъэкIыжащ, 4-м иджыри зэман яIэщ. Къэбгъэльэгъуэмэ, 2016 гъэм ахъшэм епха ныкъусаныгъэу сом мелуан 284-рэ мини 138,7-рэ дгъэкIуэдыжащ.

Къэпсэлъам зэрыжиIамкlэ, УФ-мрэ КъБР-мрэ я хабзэхэм зэребэкъуам кьыхэкIыу, къэпщытэныгъэхэр щагъэкIуэжа Iуэхущlапlэхэм я лэжьакIуэ 42-р мылькукlэ ягъэпшынащ, кьулыкъущIуэ 2 я Iэнатlэм щIапlэ кьуэжэхэмрэ Тырныауэ я Iэтащхьэмрэ я Iэтащхьэхэм, я Iимамхэм, мусльымэн дин организацэхэм зэрадэлажьэ планхэр, апхуэдэу диным пыщIа хабзэхэр мы зэманым республикэм зэрыщагъэзащIэм щытепсэлъыхьащ. Зэхуэсахэм кьыхагъэщащ лъэпкъ зэпэщIэуэхэр щымыгъэIэным, щIалэгъуалэм, зэрыщыту щIыналъэм щыпсэуэхэм я зэхуакум дин зэхущытыкIэхэр щегъэфIэкIуэным теухуа политикэр тегушхуауэ пхыгъэкIыным мыхьэнэшхуэ зэриIэр.

Кьуажэ унафэщIхэм хуагуэшащ лъэпкъ, дин зэхущытыкIэхэр гъэбыдэным тещIыхьа муниципальнэ программэхэр гъэзэщIэным. Iуэхущlапlэ лэжьыпхъэхэр щыуГбзыхуа методикэ чэнджащ хэр.

ТАРИМ Алисэ.

● КъБР-м и Парламентым

Iуэхугъуэ куэд къызэщIиубыдэу

● Iуащхьэмахуэ щIынатlэ

Къэрал лъэпкъ политикэр зэрагъэзащIэм щытопсэлъыхь

Iуащхьэмахуэ щIыналъэм и щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэ Залиханов Къанщобий Тырныауэ къалэм щригъэкIуэкIащ къэрал лъэпкъ политикэр зэрыпхагъэкIым, районым дин хабзэхэр зэрыщыдагъэкIым, апхуэдэу Iиммамхэмрэ къуажэ унафэщIхэмрэ зэрызэдэлажьэм теухуа зэIущIэ.

КъЭБЭРДЕЙ-Балъкъэрым Граждан жылагъуэ институтхэм ядэлэжьэнымрэ лъэпкъхэм я Iуэхукlэмкlэ и управленэм и жэрдэмкlэ къыхалъхьа зэхьхьэм хэтащ а Iэнатlэм и Iэтащхьэ КIурашин Анзор, республикэм ис мусльымэнхэм я дин Iуэхущlапlэм и тхьэмадэ Дзасэжь Хьэзрэталий, КъБР-м щыIэ МВД-м и Iуащхьэмахуэ щIыналъэ, республикэм щыIэ ФСБ-м и Тырныауэ къалэ къудамэхэмрэ къуажэхэмрэ я унафэщIхэр.

ЗэIущIэм щызэпкърахащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и мусльымэнхэм я дин Iуэхужьыгъэм хуабжьу иригушхуащ...

Сльэныр зыщымыгъуазэ, зи мыхьэнэр имыщIэ къэкIыгъэ ди республикэм къыщыкIхэм яхэту къыщIэкIынкъым, ауэ, адрейхэм хуэмыдэу, абы кууу иджащ щIэпыр (и доктор лэжьыгъэр нэхъыбэу зытеухуауэ щытар аращ), хьэцэпэцэр, мэшыр, амарантыр. Лудин и опытым кьрикIуар мэкъумэщI Iэнатlэм пыщIа, а къэкIыгъэхэм елэжь куздым гъуазэ яхуэхъуащ.

Еджагъэшхуэм и гупым зэхуихьэса къэкIыгъэхэр зрагъэлъагъуну, ямыщIэр зрагъэщIэну нэгъуэщI щIыналъэхэм щыщ ботаникхэр ди республикэм къакIуэу щытащ. Уеблэмэ, Ленинград нэс кьикIыгъ.

Дыщэхэзыуреихь дунейм, экологиемрэ ди зэманым зэрызихъуэжам еджагъэшхуэр имыгъэпIейтейуэ къанэркъым:

- Ди биосферэр зэрыщыту студентхэм идогъэдж. Абы къыззыщIеубыдэ къэкIыгъэхэри, псыри, къуэари, псэущхьэу щIыпIэм тетри. Йужь лъэхъэнэм а псоми зэхъуэкIыныгъэ куэд ягъуэтащ. ПсомыщIенностьыр, нэгъуэщI Iэнатlэхэм я зыужьыныгъэр ди экологием хуабжьу зэран хуохъу. Щапхъэ закъуэ къэсхьынщ жыгхэм кьахь сэбэпынагъым теухуауэ. Зы жыг гектарым сыхьэтым кьриубыдэу щIыху 200-м ярикъун дызэрыбгъуэн хьэуа кьабзэ кIыдет, - кьыжьгъащ абы.

Къэбэрдей-Балъкъэрым щIэныгъэхэмкlэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, профессор, монографиеу 10, щIэныгъэ лэжьыгъэу 170-м нэс зи Iэдакъэ къащIэкIа, Урысейм Естественнэ щIэныгъэхэмкlэ и академиемкlэ и членкорреспондент Сльон Лудин и Iуэхущlафэхэм къапэжIуэу къэрата дамыгъэхэр куэд мэхъу. Абыхэм ящыщу «ЩIыщIэр къэIэтыным жыджэру зэрыхэтам папщIэ», «И гуащIэдэкI лъагэм папщIэ» медалхэр, еджагъэшхуэ щIэныIуэхэм ират хабзэ дамыгъэр - Европэ палатэм мы гъэм и пэщIэдзэм кьыхуигъэфаща дыщэ медалыр.

Унагъуэ дахэм и тхьэмадэ Лудинрэ университетым и библиотекэм ильэс 35-кIэ щылэжьа и щхьэгъуэ Минсурэрэ бынитI зэдапIащ. Япхъу Ларисэ экономистщ, унагъуэ исщ, я кьуэ Тимур адэм и лъагъуэм ирикIуащ - ботаникщ, университетым щолажьэ, биологие щIэныгъэхэм я кандидатщ. Ари унагъуэщ. Лэжьыгъэ кулущлапlэ иIэу, и акъылкIэ, и щIэныгъэкIэ, и гуп хэтыкIэкIэ зи пщIэр къэзылэжьыжа, и Iэнатlэм псэ хьэлэлкIэ бгъэдэт цIыхум и насыпкъэ? Еджагъэшхуэ Сльон Лудин къикIуа гъэзгу бгъуфIэм а псор налуэу хыболъагъуэ.

МЫЗ Ахьмэд.

● Фэеплъ

ФIыкIэ ягу къагъэкIыж

ГъащIэр напIэдэхьеигъуэщ, жаIэ. А напIэдэхьеигъуэр екIуу къэзыгъэщIам, цIыхухэм ягу фIыкIэ къинам и насыпщ. Молэ Хьэсен апхуэдэущ ягу къызэрагъэкIыжыр и благъэхэми, и Iыхьлыхэми, и ныбжьэгъухэми.



Молэ Хьэсен

МОЛЭ Хьэсен Iэдиб и кIуэр Бахъсэн щIыналъэм щыщ. ХьэтIохъущыкIуэй кIуаажэм 1965 гъэм мэлылъхьыхьым и 22-м кIыщIалъхуащ. Унагъуэшхуэм кьыхэкIащ Молэр - ахэр зэкъуэшилпIрэ зэшыпхъуитхурэ хъурт. Хьэсен и ныбжькIэ сабий дыдэу и адэ-анэм ядэIэпыкъун щIидзащ, унагъуэ Iуэхухэми губгъуэ лэжьыгъэхэми пасэу хэзэгащ. 1982 гъэм кьуажэ школыр кьиуха нэужь, Хьэсен сварщик Iэщlагъэм хуеджащ.

Адыгагъэм, цIыхугъэм щIапIыкIа сабийм кьищIыкIащ щIалэ ахъырзэман. ЩIалэщIэр зыхэтхэм фIыкIэ кьажэщырт, зыпэрыхьа Iуэхур и кIэм нэсу илэжьырт. Абы кьыхэкIыу Молэр фIыуэ кьалъагурт, пщIэ кьыхуащIырт. Ар электрику илъэс куэдкIэ щылэжьащ Тырныауэ кьалэм дэт бгы-металлург комбинатым. Зи пэжьыгъэр екIуу кьезыхьылIа, зи Iэщlагъэм фIыуэ хэзыщIыкI Молэм пщэрылъ кьыщащI дэтхэнэ кьалэнри ныкъусаныгъэншэу зэфIихыт.

1996 гъэм Молэ Хьэсен Санкт-Петербург макIуэ, абы кьыщызэIуех уней-тыкуэн икIи зэман гуэркIэ абы щыпсэуну треухуэ. 1997 гъэм Хьэсен унагъуэ еухуэ. Абы щхьэгъусэ хэзэуба Джэдгъэф Оксанэ цIыху щабэу, гуапэу, илэжь Iуэхуфlэхэр кьыдэзыIыгъ бзылъхугъэ щыпкъэу хуеиуащ. Абыхэм зэдагъэта Аскэр щIыкIуи хуагъасэрт адыгэ хабзэм, нэмысым, хьэлэлагъым, пэжыгъэм. ЗэгурыIуэу, зэрыльытэу кьызэдэгъэгурыкIуэ зэщхьэгъусэхэм я насыпыр кIыхьтэкIын.

Санкт-Петербург щыдсэа илъэсхэм Хьэсен хуэзэшырт щалъхуа щылиналъэм, и благъэ-Iыхьлыхэм, и ныбжьэгъуфIхэм. Абы жиIэрт: «Уи щIыпIэ ущимысыжьым дежщ абы хууиIэ лъагъуныгъэр нэхъ гуащIэу щызыхэпщIэр. Псоми хахуоэзш - кьыбдалъхуахэми, ныбжьэгъухэми, уэзрыпсалъэ адыгэбзэми. КьызыхэкIа лъэпкъым хуэпэж, адыгэ хабзэр зи Iэпэгъу Хьэсен жьыджэру хэтт зыщыпсэу щIыпIэм щрагъэкIуэкI жьылагъуэ Iуэхухэм. Кьалэшхуэм дэс адыгэхэм Молэр яхуэзэрт, Iуэхуфlэхэр ядилэжьырт, ядэIэпыкъурт. Санкт-Петербург щылажьэ Адыгэ Хасэм и зэIущIэхэм Хьэсэн кьудрэ кIуэрт, абы хуэзэфIакI яхилъхьрт.

Хьэсен и хьэл-щэн нэхъыфIхэм ящыщу ар ныбжьэгъум пэжу бгъэдэту зэрыщытар. Ар жиIа псалъэм тебгъуэтэжьырт, абы кьыхэкIыу Хьэсен и гъусэхэм сыт щыгъуи я дзыхь кьарагъэзырт. Ныбжьэгъур абы хуигъадэрт и анэкьилъхуэм.

Тхьэшхуэм хуэпэж, абы и арэзыщIыныгъэм телажьэ Хьэсен мылъкукIэ зыщIигъэхуауэ Санкт-Петербург мэжджэт щаухуэу кьыщищIам. И благъэхэмрэ Iыхьлыхэмрэ Хьэсен хуолъаIуэ абы и Iэдакъэ кьыщIэкIа фIыгъэуэр и псэм лъысыжыну. Ар зыцIыхуахэм ягу кьагъэкIыж псэ кьабзэу, гу щабэу, цIыху гуапэу, жумарту икIи лэжьакIуэшхуэу зэрыщытар. Пасэу дунейм ехыжами, Хьэсен хуэзфIэкIащ цIыхухэм кьахуэщхьэпэн, Iуэхуфl куэд илэжьын.

Аскэр цIыкIу и адэм хуэфащуэ кьыщIэкIыну, абы кьимыгъэщIар Тхьэшхуэм кьыхупищэну дыхуолъаIуэ!

ТАБЫЩ Динарэ.

Европэм и еджагъэшхуэ нэхъ Iэзэхэм хабжэ

Адыгэм ди машIэкъым къыщалъхуа жылэм, зыщыщ лъэпкъым, и адэжь щIыналъэм, и хэкум и пщIэр лъагэу зыIэта цIыху щэджащэхэр, зи гъащIэри зи гуащIэри зыбгъэдэт Iуэхум щхьэусыхь хуэзыщIэр, мыхьэнэшхуэ зиIэ, уэзрыгушхуэ хъун Iэужь дахэ къызэзыпэкIэкIэр. Апхуэдэ зыщ ди тхыгъэр зытеухуари. Ар Аушыджэр къуажэм къыдэкIа еджагъэшхуэ Сльон Лудинщ.

ЛУДИН къыщыхъуар унагъуэшхуэщ. И щхьэ бадзэ трихужьыф зэрыхъурэ щIалэ цIыкIум зэзи къыхуихакъым щыIуэхунща. Абы и сабиигъуэр хуэзащ бийр ди щIыналъэм щита зэман дыджьым. Зауэ нэужь гъейжэми ерыскъыкIэ хуабжьу гугъу ехьащ. Ауэ унагъуэ Iуэхурэ, и ныбэ зэрыныкъуэри зэран къыхуэмыхъыжу, фIыуэ еджащ. Жиаш хэм, и жей игъэныкъуэу, уэздыгъэ нэфкIэ тхыльым кIэрыст. Школым щрагъэдж дэтхэнэ зы предметри фIэгъэщIэгъуэнт, ауэ псом хуэмыдэу ныбжьыщIэр хъущыкъ зыхуэхъуар дыкъэзыхуэреихь дунейм теухуа урокхэрт - ботаникэрт. Абы сытым хуэдэу дэрэжэгъуэ ин игъэтэрт губгъуэм къыщыкIыкIыгъэ зэхуэмыдэхэр щызэхуихьэскIэ, ахэр газетым кIуэщIилъхьэурэ щигъэгъуэкIэ. Школым щыщIэс зэманым къигъэтри щIиджыкIат нэгъуэщI щIыпIэхэм щыщ упрос ботаник щIэрыIуэхэм къыдагъэкIа «Растительный мир Кабардино-Балкарии» тхылъ щыкIур. Абы и жыжьэIэщ, и гъащIэр биологием зэрытриухуэнур хьэкъыу щыпхыкIар. Ар и гуращэти, школ нэужьым и тхылъхэр Къэбэрдей-Балъкъэр пединститутым биологиемкIэ и кьудамэм ирет. Конкурсыр инт: зы цIыхум и пIэм блы итт. Ауэ къуажэ еджапIэм щIэныгъэфI къыщIэзыха щIалэщIэм и насыпт къикIащ: - «тхуэ» тIу, «плIыи» апхуэдиз къыхьри, абы пхыкIащ.

Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым нэхъыеишэу щеджэрт, студент гъащIэм щыжьыджэрт: я курсым и комсомол организацэм и секретарт, университетым и комсомол комитетым и бюром хэтт. Уеблэмэ, щIалэгъуалэр зэщIигъэIуэурэ, Къэзахъстаным тIэунейрэ нэщхьащ, щIыщIэр къэзыIэтхэм сэбэпышхуэ яхуэзыуащ ...

ЕджапIэ нэхъыщхьэм биологиемкIэ и кьудамэр фIы дыдэу къэзыхуа щIалэр Ростов къэрал университетым и аспирантурэм ягъакIуэ. Абыи Лудин щыщапхъэт, нэхъыфIу еджэхэм ящыщт.

Биологие щIэныгъэхэм я кандидат хуэдэу Налшык къэзыгъэзэжа щIэныгъэлIыр япэкIыкIэ ботаникэ хадэм и лаборант нэхъыжьыкъащтэ. Абы кьудрэ зыщимыIэжьэу, пIалъэ кIэщIкIэ университетым щригъэджауэ, 1964 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым пхъэщхьэмыщхьэ гъэкIныжмкIэ и опытнэ станцым щIэныгъэ лэжьакIуэ нэхъыжьу ягъакIуэ. Ауэрэ жыIэмэ елэжь кьудамэм и унафэщI мэхъу. А Iэнатlэм пэрыту, Тэрч щIыналъэм жьIуэ гъэкIныныр тэмэму щызэтеубгъэным теухуауэ Iуэху щхьэпэхэр зэфIегъэкI.

Илъэс зытIущ нэхъ дэмыкIыу университетым яшэжри, ботаникэмкIэ кафедрэм и доцент къалэныр и пщэ дальэ. Студентхэр зэрыригъаджэм кьыдэкIуэу, ди республикэм и щIыгум кьыщыкI къэкIыгъэ зэхуэмыдэхэм я мыхьэнэр къэхутэным, куууэ зэпкърыхьным хуэунэтIауэ лэжьыгъэшхуэ ирегъэкIуэкI, а Iуэхум хуэфащэ лабораторэ кьиузэрегъэпэщ.

1976 гъэм жэуапышхуэ зыпылъ Iэнатlэ Сльоным и пщэ дальхэ - ар ботаникэмкIэ кафедрэм и унафэщIу хах. Абы щыгъуэщ адыгэ щIэныгъэлIым эзфIэкI ин зэрыбгъэдэлъыр, къызэгъэпэщакIуэ Iэзэу зэрыщытыр, Iуэхум зэрыхуэIэижьыр нэхъри наIуэ кьыщыхьуар.

Кафедрэм и нэхъыжьу зэрыщыта ильэс 23-м кьриубыдэу еджагъэшхуэм и таучэлкIэ зэфIагъэкIа лэжьыгъэр зыхуэдэр кьэIуэтэгъуейщ. КъэкIыгъэ зэмылIэужьыгъуэу мин 60-м нэс зэхуэпхьэсыныр, зыхуей хуэбгъэзэныр, псоми я мыхьэнэр зэхэгъэкIауэ, щхьэхуэ-щхьэхуэу тхауэ бгъэтIыпхьажьынр икIуэ Iуэхугъуэшхуэщ.

- Ди университетым и ботаникэ хадэм щекIуэкI лэжьыгъэм си нэIэ тезгъэтын хуейуэ си пщэрылът. Ар ди баззт. Хадэр тэмэму зэрахэр щхьэкIэ, зыкъом хуэныкъуэт - зыщIэсын яIэтэкъыми, щагъэунэхуну тепливщэрэ къэкIыгъэхэм я зыужьыкIэм щыкIэлыплIныну унэ щIыкIурэ зыжэт псэуалъэ яхуедгъэщIащ, кьыдагъэбыдылIа хьэсхэр дегугъуу зетхьэу щIэддзащ, - жеIэ Лудин, а илъэсхэр игу кьиГэкIыжьу.

Ди республикэм узыщрихьэлIэ къэкIыгъэхэр джыным, абыхэм я мыхьэнэр къэхутэным, сэтей къэщIыным си гъащIэр тезыIуэуа Сльон Лудин, а псом зыкъыдигъахуэурэ, и доктор диссертацэр игъэхьэзыращ. Ар и кIэм нигъэсын щхьэ-кIэ, и Iэнатlэр пIалъэкIэ къигъанэри, илъэситIкIэ Украинэм щылажьащ. И гур хуэзагъэу зыхуигъэхьэзыра нэужь, а республикэм ЩIэныгъэ Iуэхухэмкlэ и академием 1985 гъэм и доктор диссертацэр щыпхигъэкIащ. Езы Лудин и мызакъуэу, ди республикэм дежкIи ар екъулIэныгъэшхуэт. Сыту жыпIэмэ, къэбэрдей адыгэхэм ящыщу биологие щIэныгъэхэм я доктор япэу хъуар Сльонырт. СССР-м щIэныгъэ Iуэхухэмкlэ и академием и академик Жолкевичи, къэкIыгъэхэм теухуа, студентхэр зэреджэ учебник зи Iэдакъэ къыщIэкIа профессор щIэрыIуэ Лебедевми, адрей еджагъэшхуэхэми абы и лэжьыгъэр фIы дыдэу къэхъулIауэ къалъытащ. Лудин и доктор диссертацэр щыпхигъэкIым ирихьэлIа, университетым и ректору щыта КIэрэфэ Къамболэт республикэм къыщыдэкI газетхэм ящыщ зым зэрыщитхамкIэ, и лъэпкъэгъум, и хэкуэгъум и лэжьыгъэм хуабжьу иригушхуащ...

Сльоныр зыщымыгъуазэ, зи мыхьэнэр имыщIэ къэкIыгъэ ди республикэм къыщыкIхэм яхэту къыщIэкIынкъым, ауэ, адрейхэм хуэмыдэу, абы кууу иджащ щIэпыр (и доктор лэжьыгъэр нэхъыбэу зытеухуауэ щытар аращ), хьэцэпэцэр, мэшыр, амарантыр. Лудин и опытым кьрикIуар мэкъумэщI Iэнатlэм пыщIа, а къэкIыгъэхэм елэжь куздым гъуазэ яхуэхъуащ.

Еджагъэшхуэм и гупым зэхуихьэса къэкIыгъэхэр зрагъэлъагъуну, ямыщIэр зрагъэщIэну нэгъуэщI щIыналъэхэм щыщ ботаникхэр ди республикэм къакIуэу щытащ. Уеблэмэ, Ленинград нэс кьикIыгъ.

Дыщэхэзыуреихь дунейм, экологиемрэ ди зэманым зэрызихъуэжам еджагъэшхуэр имыгъэпIейтейуэ къанэркъым:

- Ди биосферэр зэрыщыту студентхэм идогъэдж. Абы къызэщIеубыдэ къэкIыгъэхэри, псыри, къуэари, псэущхьэу щIыпIэм тетри. Йужь лъэхъэнэм а псоми зэхъуэкIыныгъэ куэд ягъуэтащ. ПсомыщIенностьыр, нэгъуэщI Iэнатlэхэм я зыужьыныгъэр ди экологием хуабжьу зэран хуохъу. Щапхъэ закъуэ къэсхьынщ жыгхэм кьахь сэбэпынагъым теухуауэ. Зы жыг гектарым сыхьэтым кьриубыдэу щIыху 200-м ярикъун дызэрыбгъуэн хьэуа кьабзэ кIыдет, - кьыжьгъащ абы.

Къэбэрдей-Балъкъэрым щIэныгъэхэмкlэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, профессор, монографиеу 10, щIэныгъэ лэжьыгъэу 170-м нэс зи Iэдакъэ къащIэкIа, Урысейм Естественнэ щIэныгъэхэмкlэ и академием и членкорреспондент Сльон Лудин и Iуэхущlафэхэм къапэжIуэу къэрата дамыгъэхэр куэд мэхъу. Абыхэм ящыщу «ЩIыщIэр къэIэтыным жыджэру зэрыхэтам папщIэ», «И гуащIэдэкI лъагэм папщIэ» медалхэр, еджагъэшхуэ щIэныIуэхэм ират хабзэ дамыгъэр - Европэ палатэм мы гъэм и пэщIэдзэм кьыхуигъэфаща дыщэ медалыр.

Унагъуэ дахэм и тхьэмадэ Лудинрэ университетым и библиотекэм ильэс 35-кIэ щылэжьа и щхьэгъуэ Минсурэрэ бынитI зэдапIащ. Япхъу Ларисэ экономистщ, унагъуэ исщ, я кьуэ Тимур адэм и лъагъуэм ирикIуащ - ботаникщ, университетым щолажьэ, биологие щIэныгъэхэм я кандидатщ. Ари унагъуэщ. Лэжьыгъэ кулущлапlэ иIэу, и акъылкIэ, и щIэныгъэкIэ, и гуп хэтыкIэкIэ зи пщIэр къэзылэжьыжа, и Iэнатlэм псэ хьэлэлкIэ бгъэдэт цIыхум и насыпкъэ? Еджагъэшхуэ Сльон Лудин къикIуа гъэзгу бгъуфIэм а псор налуэу хыболъагъуэ.

МЫЗ Ахьмэд.

● ДифI догъэтъапIэ

Сльон Лудин

Унафэщl щэджащэ, адыгэлl щыпкъэ Ахъуэхъу Аслъэнбий 105

Гъуаззу щытыным къыхуигъэщlам

Ахъуэхъу Аслъэнбий зэрихьа къулыкъухэр уи нэгу къыщlэбгъэхьэжмэ, гурыlуэгъуэ мэхъу ахэр гъуэгу зэхэгъэкlыпlэшхуэу гъащlэм къызэрыритам нэмыщl, тхущl гъэхэм и кlэм абы и пщэ къыдэхуа къалэн гугъуэм - республикэ Правительствэм и Унафэщlу щытыным - хуэзыша лъэмыжу а lэнатlэхэр зэрыщытар.

Ахъуэхъу Аслъэнбий Совет Союзым и Маршал Жуков Георгийрэ абы и щхьэгъусэмрэ ящlыгъуу.

ХЭКУ зауэшхуэм и пэ къикуэу ар псэрытащ жэуаплныгъэшхуэ пхэмыльынкlэ lэмал зимыlэ lэнатlэ куэдым. Нэмыцэ зэрыпхъуакlуэхэр къаралым къыщытеуам Ахъуэхъур ВКП(б)-м и Прималкэ райкомым пропагандэмрэ агитацэмкlэ и къудамэм и унафэщlт.

115-нэ шуудзэр къыщызэрагъэпэщым, ар абы и политотделым и инструктор нэхъыщхьэу ягъуэват. Зауэм Аслъэнбий хахуэу зэрыхэтам и щыхьэтщ къыхуагъэфэща дамыгъэхэр: Хэку зауэ орденым и яп э, етlуанэ нагъыщэхэр; Багъуэ Плъыжь орденыр; «Белград хуит къыздэращlыжам», «Будапешт къыздэращlам», «Венэ къыздэращlам», «Прагэ къыздэращlам» медалхэр; «Текlуэныгъэм и щыхькlэ», «Японием зэрытекlуам и щыхькlэ» медалхэр.

Зауэр щиухам Аслъэнбий гвардейскэ фочауэ полкым и командирым и къуэдзэт. 1946 гъэм ар республикэм къыщыкlуэжам щхьэжъэlэт ямыlэу псэукlэр щызэфlагъэувэж зэманти, Ахъуэхъум хуэдэ лэжьакlуэхэр щэм я пlэ ивэрт икlи абыи лъэкl къигъэнэкъым. Сыт хуэдэ къуплкъу и пщэ кърамылъхьами, къыхуаца дзыхьыр игъэтащ.

А зэманым сэ партым и Дзэлыкъуэ щыналъэ райкомым и ягъэ секретару сыщылажьэрти, щыпlэр зыхуэныкъуэхэм теухуауэ зыхуэзгъэзэн хуей хъурт Ахъуэхъум. Дыззрелъэlур къыщыфlэмыlуэку зэи къэхъуакъым. Абы хуэзфlэкlырт, и щхьэм иль псори lуигъэкlуэту, къыбгъэдэсым гупсэхуу едэlуэн.

Аслъэнбий фlыкlэ ягу къагъэкlыж абы дзэлэжьну къызыхуихуа псоми. Зы цlыху срихьэлlакъым абы хэлъа цlыхугъэмра и унафэ щыкlэмра ягу дыхьэу зэрыщытар къыщlэу темыпсэльыхьу. Цlыхумра ар зыхуэныкъуэмрэ сытым дежи гулъытэ нэс яхуищlыфырт абы.

Ахъуэхъур хабзэшхуэ зыхэлъ, щlэныгъэ куу зиlэ цlыхут. И лэжьыгъэм щыпэрытым и мызакъуэу, зигъэпсэхууи, хьэщlэ лъапlэхэм я гъусэуи сльаргъуну къысхуихурт сэ ар, къулыкъушхуэ зыныгъ дзэзешэ, къэрал унафэщlышхуэ е цlыху къызэрыгуэкl ирехъуи, тыншу, Iэнкунагъ лъэпкъ хэмылъу дэтхэнэ зыми зэрепсальэфыр сыт щыгъуи згъэщlагъэрт. И щlэныгъэ къигъэлъэгъуэнуи, хабзэр дахэу зэрызэрихьэр нэм къыщlиlуниуи хэттэкъым зыри. Сытым дежи зэпlэззэрыту, фlэфlефlэмыфlым зыри тримыщlыхьу lуэхур зэфlигъэкlырт.

Пlэжщ, а зэманым унафэщl lэнатlэ пэрытыну къызыхуихуа псоми хуэдэу, ари къэралым щызекlуэ къулыкъу зехьэкlэм и жыпхъэм имыту хъуртэкъым. Итlани, Аслъэнбий емыгупсысу, ищхьэкlэ къикlа закъуэ жиlэу, унафэр игъэзэщlэну щlэпхъуэкэм щыщlтэкъым. Езым и Iэмыщlэ илъу зэфlэкlым хуей lуэхум щымыгъуаззу бгъэдыхьэртэкъым, заохуагъэу ибжыр къикlуэт имыlэу зэрыпхигъэкlым иужь ит зэпытт.

ДОХЪУЩОКЪУЭ Мусэ,
КъБАССР-м и Министрхэм я Советым и Унафэщlу 1983 - 1988 гъэхэм щыта.

Ахъуэхъу Аслъэнбий и къуэрылъху-пхъурылъхуэхэр *(сэмэгумкlэ щегъажьауэ)*: **Ахъуэхъу Мурат, Хъурей ФатIимэ, Ахъуэхъу Алим, Хъурей Заирэ, Щоджэнцыкlу Еленэ, Кабалоевэ Белл э, Ахъуэхъу Аслъэнбий, Ахъуэхъу Iэдэм.**

Нэхъ лъапlэ щыlэкъым

Цlыху дахэт ди адэр. Куэд жимыlэу, нэгъэсыпауэ псори зэрищlэным иужь иту апхуэдэт. И lэбэкlэм, Iэуху зехьэкlэм нэрп псэри дэгуфlэрт. Ауэ щыхъукlэ, укlытэкт, асыхьэтым плъыжь къэхъуу. Сурэтхэм сыщеплъыккlэ согъэщlагъэ; гу лъымытэн хуэдэу и кlэ дыдэм пыуварт. Зыкъызэрыхимыгъэщыным елlапlэ эзэпытт, дэри арат зыхэтлъхьэну нэхъ зыхуейр.

ЗАУЭМ и пэм щыщlэдзауэ и кlэм нэс хэтащ. Партр лэжьакlуэу зэрыщытым къыхэкlыу, ар хуитт зауэм мыкlуэну, арщхьэкlэ 115-нэ шууей дивизэр щызэхуащlэсым, лъаIуэри зыхрихьэтхэуэ щытащ. Сурэт дзэ дыдэкэр диlэжкъ: шым тесу, адыгэ цей щыгъэшу. Уlэгъэ хьэлъэ хъууэ щытащ, еэым и дивизэр зэрыщымыlэжкъым къыхэкlыу. Дамыгъэ лъапlэ куэд иlэт. Зауэр иуха нэужьки Манычжурием ягъакlуэри, 1946 гъэращ Шэджэм къыщыкlуэжар.

Дэнэ ямыгъакlуэми, лэжьыгъэм и псэр етауэ зэрыбгъэдэтым гу лъатэрт. Iэпэдэгъэлэну зыри хуэщlэртэкъым. Зэрыщымыт зимыщlу, тыншу псоми ядекlуэкlырт. Гушыlэрейт егъэлеяуэ. Чым Тембот, Битокъу Муэзчыр, Джатэгъэжь Исмэхьил сымэ и ныбжьэгъушхуэт, дунейм ехьыжьу къыхуэпэжащ ахэр.

Унагъуэм и гугъу пщlмэ, нобзорей акъылкlи узригъэгупсысыжыр куэдщ. Къысхуэщlэжыркъым е и макъыр иlэтауэ, е пхъашэу къыдэпсэльауэ. Хъыджэбэ цыкlухэм егъэлеяуэ щабэу къытхущыытт. Кlуэ, ди дзэлъхум апхуэдэ дыдэу еубзэрэтэкъым. Щlалъэ цыкlур зыхуэныкъуэр нэгъуэщl хьэщl.

Ди анэм зэрыхущытым укlэпльпльыну гухэхъуэт. Сытым щыгъуи хуэгумащlэт. Езы мамэ ди адэм и псальэм уебакъуэ мыхъункlи хьэкъыу тпхигъэкlат, фlэпlыкlышхуэ ди гум къриlыхьат.

Курыт еджапlэр къэзухыу Iэщlагъэ къыхэсхьн хуей щыхъум, гуязэджэм и тхыдэм сыдикъэхьрти, Мэзкуу къэрал университетым сыщlэтlысхьэным сыхуэпабгъэрт. Илъэс зыгъуитlкlэ абы зыхуэзгъэхьэзыраУэ, папэ: «Сыт уи мурадхэр?» - щыжиlэм, щыгъуаззэ сщlащ. Арщхьэкlэ, сызэримыгугъаУэ, «Ленэ, иджыпсту ди щыпlэр гугъуехь куэдым пэщlэтщ, е Iэмэпсымэ къыщlэгъэкlыным, е лымрэ щэмрэ, ерыскъыхэкlэм елэжьхьэм япыщlауэ зыщlыпlэ ущlэмыпlыхьэфыну пlэрэ?» - жиlащ. «Хьэуэ, папэ, сыт лы, сыт щэ, сэ гуманитарнэ Iэщlагъэ гуэрым фlэкlа сыхуеджэфынукъым, - жысlащ, - «МГИМО-р хъуну пlэрэ?» «Хьэуэ, ар къэзыуха цыхубзэкэ секретару зыщыпlэхэм щlэсу аращ, абы ухуейкъым». «Юридическэр хъуну?» - жысlащ. «Сэ уэ зоцlыхх. Уэ юрист къыпхэкlынукъым», - жиlащ. Къанэр инджылызыбзэрати, абы сыхуеджэныжкlэ тlыри арэзы дыхъуат. МГУ-м сыщlэтlысхьэну щыжысlэм идакъым. «Сыт напэр сиlэу сэ си хэкуэгъуэхэм саIуплъэну итlанэ? Сэ сыкъулыкъущlэщи, си быныр Мэзкуу щемыджэу хъунукъым, фэ фыфейхэр мыдэ щреджэж» жысlэну ара?» Абы сыт пэбдзыжынт? Аратти, ди университетым и инджылыз факультетыр къэзухащ.

Зыри ямылейуэ къыптиубыдыртэкъым. Цlыху пэжу, цlыху къабзэу, ди Iэщlагъэм хэтщlыкlыу арат дыкъызэрильъагъуну хуейр. Къулыкъущlэкъыу зэи щытакъым папэ, гущlыкl хуиlэт апхуэдэ хьэлым. Пцlыlуэпцlышэхэр, утыкум хуэпабгъэхэр игу техуэнкlэ Iэмал иlэтэкъым. Щэхуу ди къалэн дгъэззэщlэным фlэкlа дунейм теткъым дызыхуинэтlа, езыри аращ зытетар.

Мэлбахьэ Тимборэрэ ди адэмрэ зэныбжьэгъушхуэт. Лэжьапlэми щакlуэ кlуэми зэгъуэз зэпытт. Iуащхьэмахуэ лъапэ ди щыналъэм къызэрыкагъэхьэжам егъэлеяуэ ягу хигъахьэуэт, емызэшу, кlуэ-къэкlуэжкъэу елlапlэрт. Ялэ дыдэу ирагъэжьа канаткэр ахэращ зыухуар, итlыстхьэхэри дэкlуеяуэ щытащ зэгъуэсу. Куэдым ящlэркъым, а тlур хэмылъфlыхьамэ, Iуащхьэмахуэ лъапэр тфlэкlуэдыпэнкlэ шынагъуэ зэрыщlыар. Дэри иужькlэ ди анэм хьыджиlэжауэ аращ, папэ зигъащlэгъуэным хузжейт. 1944 гъэм щегъэжьауэ 1957 гъэм нэсыху Iуащхьэмахуэ лъапэр Куржым и Iыхьэу щытащ, Тырныауэ деж я гъунапкъэм щыщlидзэрэ шлагбаум щытыжу. Яныныкъуэхэм къафlощl къулыкъу зыныгъэр щакlуэ я зэш трагъэуну кlуэуэ. Щэкlуэну ди Хэкум къакlуэ мэзкуу къулыкъущlэхэм я нэхъыбэр зи псалъэ пхыкl цlыхухьуэхэт. Абыхэм елlапlэуэрэ республикэр зыхуейзыхуэфl Iэзкукlэ ягурыlуэну Iэмал къалъхьуэу арат Мэлбахьэумрэ папэрэ.

Къулыкъум къытекlа нэхъкъ, папэ щакlуэхэмрэ бдзэжьеящхэмрэ я Iэхуащlапlэм и унафэщlу щытащ. «Иджыщ сэ си Iэщlагъэкlэ сыщылажьэр», - жиlэрт, а Iэхуитlри фЫ дыдэу илъагъуу зэрыщытым къыхэкlыу.

Уэыр зэуэззпсу кьеуэлlат. Ди анэм и гъусэу зыгъэпсэхуакlуэ Iуащхьэмахуэ лъапэ кlуэхэри махуитl фlэкlа дэмыкlыу къэкlуэжахэщ. «Папэ бэуэфыркъым хуиту», - жиlэри рентген кърагъэплъащ. Абы тхьэмбылым фlыцlагъэ иlэу къыгъэлъэгъуащ. Грозным пульмонологэм я конференц щекlуэкlырти, Бер Мухьэдинрэ Пльэщокъуэ БетIалрэ нэхъ Iэзэlуэу абыхэм яхэт Перельман Налшык къашащ, папэ къраГъэплъыну. «ИкlэщlапlэкlэУ умыгъуэлъу хъунукъым, операцэ тщlын уейщ», - жиlэри Москва яшащ, и тхьэмбылитlым я зыр къраХащ. Ди анэмрэ си шыпхъурмрэ щыlэ зэпытт, мыдрейхэр лэжьыгъэм дыкъыщыдэхэуэм дыкlуэрт. Нэхъыфlи хуэжьа хуэдэу, къежьэжьну билет къащхуауэ, гъатхэпэм и 5-м и жэщым къызэlухьэри, и псэр хэкlащ. И псэм зэрищlэр нэрылъагъут. «АфIэкlа Налшык сымылъагъужьну ара?» - жиIэрт жи мамэ.

И ныбжьэгъуэхэм я Iэфlу си гум кьинэжащ папэ щыщlалъхьа махуэм, ауэ хэтми сыщымыIэу схужьIэнукъым. Дахьну щыlэ хьэдэм щхьэщыхьэри: «Дыпхуэарэзыщ, Аслъэнбий, адыгэлlу укъытхэтащ», - жиIащ. Сыт абы нэхъро нэхъ лъапlэу щыlэр?

АХЪУЭХЪУ Еленэ,
философие щlэныгъэхэм я доктор, профессор, Адыгэ Республикэм щэнхабзэмкlэ щlыхь зиlэ и лэжьакlуэ.

Абыхэм хуэдэ срихьэлlэжакъым

Ахъуэхъу Аслъэнбий кlэщlу узытепсэлъыхьын цlыхукъым. Ар цlыху щэджащэт, акъылышхуэ бгъэдэлъу, цlыхугъэшхуэ хэлъу. Куэд игъэващ, гугъуехьу ди къэралыр зыхэтауэ хъуам щыщи къыжьэхуащ абы. Зы лэжьапlэм къытрачым адрейм ягъакlуэу, кlуэ пэтми дзыхь нэхъ къыхуащlурэ екlуэкlащ.

Ижьырабгъумкlэ япэу щысыр Ахъуэхъу Аслъэнбийщ. *1945 гъэ*

ЗАУЭМИ хахуэу хэта Ахъуэхъур республикэм и Iэхуащlапlэ куэдым щылэжьащ, и къару, щlэныгъэ емыблэжу Текlуэныгъэр къажьа нэужь, зыхэта Iэхуэхъэм я хъыбар куэди къэжкlэжащ абы. Колхозхэр зэфlагъэувэжкърт, ухуэныгъэщlэхэр кърагъажьэрт, кlэщlу жыпlэмэ, Iэнатlэ псори зыхуей хуамыгъазэу хъунутэкъым. Псом хуэмыдэу абы лэжьыгъэшхуэ щригъэкlыжащ Iуащхьэмахуэ куейм. Езыр абы щыlэу балъкъэрхэм къагъэззэжати, ахэр зыщlэсын яхузэгъэпэщын, зэрыпсэун Iэхуэхэр зэрихуащ, куэд яхуищlащ а лъэпкъым. Сэ Iэджэрэ срихьэлlащ фЫщlэ къыхуащlу, а лъэхэнэм зэрадзэlэпыкъуам къытрагъэззэжурэ къыхутепсэлъыхьыжу.

Зыпэрыт сыт хуэдэ Iэнатlэри тэмэму зэрызэрихьэр ялъагъури, Ахъуэхъур республикэм и Министрхэм я Советым и Тхьэмадэу ягъэувауэ щытащ. Апхуэдэ Iэнатlэ зэрахьэу цlыхуибгъум садэлэжьащи, ззгъэпщэни сиIэщ. Ахэр зэрылэжьар, я гупсысэкlэкlэ, я акъылкlэ здынэсу щытахэр си нэгум щlэтщ. Аслъэнбий сызэриблагъэм щхьэкlэ зыри дыщlыгъунукъым. Сэ илъэс тlощlрэ пщlырэ фЫкlа сымыхъуауэ сахэхуащ абыхэм икlи куэдым гу лъыстащ.

Мэкъумэшыми, промышленностми, ухуэныгъэми куэд хилъхьащ Аслъэнбий. Ахэр псори пщэдейрей махуэм пыщащ. Чырбыш, блок, цемент, сэху къыщlэзыгъэкlзаводэхэр, пшахыуэ, мывэкlащхъ къыщlэхыпlэхэр, фермэ е нэгъуэщl Iэхуащlапlэ гуэр пщlын папщlэ, епхыпlэнур къыздипхын уиIэн хуейщ. Абы япэ дыдэу егупсысри, а псори къызэфlигъэуват.

Спортыр фЫыуэ илъагъурт. Щlалэгъуалэм я Iэхуэ зэрихуэ зэпытт. Стадионыр зэманым екIуу къызэрызэщынри къезыгъэжьар аращ. Шыгъэжапlэ зыщlари аращ. Шы фЫыуэ илъагъурт. Пащlэм и уэрамым «Дивизионнэ» цlэр зэрихьэу щытащ, дивизионыр зыдэт пщlантlэр абы тетти. Я фермэ ящlыжри, колхозышхэр абы дэтащ. Шыгъэжапlэ зыри яIэтэкъыми, ар зэригъэпэщауэ щытащ. Ди республикэр зауэм и пэкlи шы зехуэнкlэ, шы къэгъажэнкlэ пэрытт. Ар псори и пlэ иригъэувэжат зауэ нэужьым.

Сабийхэм гулъытэ яхуищlыт. Сабий сад куэд, къалэм къэlэпхъуэхэр пlалъэкlэ зыщlэс хуэн унэхэр иригъэщlащ. Республикэм игуэт зэхъуэкlынигъэфlхэм щыгуфlыкlырт, дэни нэсырт. Министрхэм я Советым и Унафэщlыр апхуэдэу сытми хэlэбэу щытын хуейт-тlэ, жысlэу сегупсысырт, здынэмыс щыIэтэкъыми. Нэгъуэщlым ищlыфмэ, иригъэщlырт, пэмыльъащмэ, езым къалэн зыщщlыжьырт. Сэ нэхъро нэхъыфlу зыми ищlыху хъункъым ар. Тхьэмахуэм жьыуэ къэпсалъэрт «Къакlуэ си деж» жиIэрти. Зыгуэрыми дытепсэлъыхьырт е шахмат дыджэгурт. Къуэм хуэдэу къыхсущlатащ, сэри апхуэдэ дыдэу сыбгъэдэтащ. Ныбжь щlиэми, укIытэ, нэмыс хэлът.

И щхьэгъусэр апхуэдизкlэ цlыху дахэти, псалъэмакъ щхьэхуэ хуэфащэ къыщlэкlынщ абы. Нобэ сешащ жиIэу игъащlэм зэхэсхакъым. Хьэщlэу къыхуэкlуэр ресторани нэгъуэщl щlыпlи ишэртэкъым Аслъэнбий, и унэ иригъэблагъэрт. А цlыхубзым абы теухуауэ щlэмыарэзы гуэр зыми жиIэу зэхихакъым. Щlэныгъэшхуэ бгъэдэлъу, Iэдэбу апхуэдэт Раисэ. Ахэр нэгъуэщl цlыхут. Абыхэм хуэдэ срихьэлlэжакъым.

Жэщкlэ тхылъ еджэрт Аслъэнбий. Библиотекэшхуэ зэригъэпэщауэ, а зэманым тхылъыщlэу кьежьэр иIэт. Щlэныгъэшхуэ зыбгъэдэлъ, зи къэухьыр и цlыху куэдым яIущlэрт, зэ зыхуэзар ныбжьэгъу кьинщlырт. Театрыр, филармониер фlэфlт. Илъэсым зы мазэ Мэзкуу щылажьэрт Совет Нэхъыщхьэм хэтуи, и цlыхугъэхэм къахэхуауэ къежьэлlэжырт сыт щыгъуи. Маршал Жуковыр и ныбжьэгъуашхуэт. Аслъэнбий абы и деж хьэщlапlэ кIуамэ, Маршалым Темин Виктор, сурэттех цlэрыIуэр, курыджэрти, сурэт зытрагъэхьырт. Тхьэбысым Умар уэрэд жиIэу едэIуэн фlэфlт. Ныбжьэгъуу иIар дунейм тетыхукlэ къыкlэлъыкlуащ.

ХЪУРЕЙ Феликс,
Бизнесымкlэ институтым и тхьэмадэ, философие щlэныгъэхэм я доктор, профессор.

Цlыхухэр къыфlэлlыкlырт

Ахъуэхъу Аслъэнбий цlыхум я пашхьэ пщlэшхуэ зэрыщlиlам и щыхьэтщ 1968 гъэм бдзэуэгъуэм и 31-м Налшык бэзэрым къыщыхъуа хьэпэбэлыкlыр абы зэтриуIэфlэжьыфауэ зэрыщытар. Хъыбарыр тхыдэм къызэрыхэнамкlэ, Ахъуэхъум хуаIэ фlэлlыкlырщ цlыху къызэщlэплъахэм зэрызехьэныр къагъанэу, щхьэж и Iуэху зэрыпlэрыхьэжар зи фыгъэр.

ФИГУ къэдгъэкlыжьинщи, 1968 гъэм бдзэуэгъуэм и 31-м Налшык къыщыхъуащ лъэпкъым иужькlэ «Бэзэр къаугъэ» зыфlищыжа зэныкъуэкъуэр. Хьэпэбэлыкъым щэджагъуэ нэужькъым щIидзащ. Зэрыгъэкlийуэ, зэрыфещlу хуежьа цlыху къызэщlэплъахэм милицэм и старшина Токарев В. щlалэр яIэщlэуклащ. ИкIэщlыпlэкlэ бззэрым нэсащ Мэлбахьэу Тимборэ, Ахъуэхъу Аслъэнбий, адрей унафэщlхэр. Партым и обкомым и бюром а зэманым хэта Хьэжмэт Iэминэ игу къегъэкlыж: «Ахъуэхъу Аслъэнбий пщlэшхуэ къыхуащlырт цlыху къызэрыгуэкlэм. Абы и фЫыгъэ цlыху къызэрыгуэкlэм. Абы и фЫыгъэ къызэрыIэтахэр зыми едаIуэртэкъым, милицэми зыри хуэзфlэкlыжьыртэкъым. Ахъуэхъу Аслъэнбий утыку къызэрихьэу, псори щым хъужри, хуэм-хуэмурэ зэбгрыкlыжащ».

Чеченов Ш., щэныгъэмкlэ министру а зэманым лэжьам, игу къегъэкlыж: «Ахъуэхъур езыр гъэсат, унафэ щlыкlэ ищlэрти, цlыхухэр къыфlэлlыкlырт. А махуэм унафэщl зыбжанэ утыку кьихьат, фызобгрыкlыжи фи унэ фыкlуэж жаIэу, ауэ Аслъэнбий и псалъэ зэхаха нэужькъ цlыху къызэрыIэтахэр щикlуэтар».

А махуэм къигъэлъэгъащ къулыкъущlэхуэу ущытми, цlыхугъэм уемыпщlыжмэ, Iуэхур щынэхъ гугъуми, уи псэм утемышыныхьу бэлыхьым ухъызэрэхэкlфынур. Ахъуэхъум и Iулыджкр мыхъуамэ, а махуэм зэкlуэдэнурэ нэхъыбэт, Iуэхури апхуэдэу зэтесабырэжьну къащlэкlынтэкъым.

БЕЙТЫГЪУЭН Сэфарбий,
щlэныгъэлl, тхакlуэ.

Тхылъ Iув тептхыхьыну къелэжь

Ахъуэхъу Аслъэнбий фЫуэ хэлъар умыгъэмащlэу кlэщlу утепсэлъыхьыну гугъущ. Теплъэкlи, лIыгъэкlи, гу кlуэщlыпльыкlи, и къалэн мытыншхэр зэрыриубэкlэ щыкlэмкlи ар «Нэсри къэсыжауэ адыгэлlщ» жыхуаIэм хуэдэт, и гъащlэм и къекlуэкlыкlам зы тхылъ Iувыфl тептхыхьынуи къелэжь.

ЩIАЛЪ дыдэу щIидзэри, и къару емыблэжу ильэс 49-кlэ ди республикэм хуэлэжьащ Аслъэнбий. «Гугъут зэмэрэ тыншт Ахъуэхъум и унафэм ущlэту улэжьэныр» жыпlэмэ, и щхьэ течауэ жысlэнщи, икlи гугъут, икlи тыншт. Гугъут, сыт щхьэкlэ жыпlэмэ, абы и пщэм къалэнышхуэ дэлът, дэри ди лэжьыгъэр хьэпlэт. Ди тхьэмадэр ткIийт, Iэпэдэгъэлэп лъэпкъ имыдэну. Лэжьыгъэм я фlэщу бгъэдэмытхэри щхьэщытхъуэхэри игу техуэнкlэ Iэмал иIэтэкъым. Ауэ икlи тыншт, сыту жыпlэмэ, дэтхэнэ зы Iуэхури гурыIуэгъуэу кьыббгъэдилъхьэрт, сыткlи зыкъыпщlигъакъуэрт.

Илъэс дапщэкlэ сыдэмылъжьами, си жагъуэ хъун псалъэ зэи къыжьэдэкlакъым. Абы къикlырыкъм ар зэи къэмыгубжьу, трилъащlэ зэпыту къеклуэжкlауэ. Республикэм и сабэп зыхэлъ, экономикэмрэ щэнхабзэмрэ я теухуа Iуэхухэр къыщыптlэткlэ, лъакъуэпэщlэдэ къытхуэзыщlхэм, бзитlщхьитl жыхуаIэхэм, я нэр игъапlэрэтэкъым. Си нэкlэ слъэгъуащ Налшык Муэтеатр къыщызэIутыжьым зэран къыхуэхъуну хэта, Мэзкуу щыщ къулыкъущlитlым абы жэуап гуащlэ яритауэ зэрыщытар.

И унагъуэкlэ дэслъэгъуари жысlэну сфlэигъуэщ. Егъэлеяуэ насыпыфlэт Аслъэнбий и унагъуэкlэ. Ар нэгъуэщlу хъункlэ Iэмал зимыIэт, сыту жыпlэмэ, лъэпкъыр щэнагъэм и нэхум хуэзыиунэтIахэм ящlыщ Дым Iэдэм ипхъу, сыт и лъэныкъуэкlи щыIуу дахэ Раисэ хъишат. ЗэгурыIуэрэ зэдэIэжу зэдэпсэуа, пщlэшхуэ, нэмыс зи яку дэлъа зэщхьэгъуэсжэм бынилlI зэдапIащ: Ларисэ, Руслан, Еленэ, Людмилэ.

1980 гъэм мазаем и 18-м Мэзкуу лэжьыгъэ Iуэхукlэ сыкIуэн хуей хъуауэ, Ахъуэхъур зыщlэль сымаджжащым сыIухьат. Сызэрыщымыгугъауэ, къыщылъэтри, гуапэу яхъыщlат езыри и щхьэгъусэри. Псори фlэгъэщlэгъуэнт: Хэкум къыщекlуэкlхэри и ныбжьэгъухэм я хъыбархэри. Дагъыстэным щыщ Даниялов Абдурэхьман ныщlыхьащ куэд дэмыкIыу. Рае тхуигъэхьэзыра Iэнэ щlыкlым дыпэрысу пщlыхьэщхьэ хъуху дыуэршэрри дыкъежьэжащ. Аслъэнбий псэужьну тхьэмахуитl фlэкlа къызэрихуэмынэжар сыткlэ тщlэнт абы щыгъуэ. Гъатхэпэм и 5-м абы и гур къэувыIэри, хьыбар: гуаIэр Налшык къэсащ. Шэм хуэдэу къатехуащ ар и Iыхьлыхэми, благъэхэми, ныбжьэгъухэми, лэжьэгъуэхэми. Иджы Ахъуэхъу Аслъэнбий и цlэр зэрехьэ республикэм и къалащхьэм цlыхухэр нэхъ щынэкlу и уэрамхэм я зым.

ЕФЭНДЫ Джылахъстэн,
Налшык Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ.

Нэхъ лъапlэ щыlэкъым

Цlыху дахэт ди адэр. Куэд жимыlэу, нэгъэсыпауэ псори зэрищlэным иужь иту апхуэдэт. И lэбэкlэм, Iэуху зехьэкlэм нэрп псэри дэгуфlэрт. Ауэ щыхъукlэ, укlытэкт, асыхьэтым плъыжь къэхъуу. Сурэтхэм сыщеплъыккlэ согъэщlагъэ; гу лъымытэн хуэдэу и кlэ дыдэм пыуварт. Зыкъызэрыхимыгъэщыным елlапlэ эзэпытт, дэри арат зыхэтлъхьэну нэхъ зыхуейр.

ЗАУЭМ и пэм щыщlэдзауэ и кlэм нэс хэтащ. Партр лэжьакlуэу зэрыщытым къыхэкlыу, ар хуитт зауэм мыкlуэну, арщхьэкlэ 115-нэ шууей дивизэр щызэхуащlэсым, лъаIуэри зыхрихьэтхэуэ щытащ. Сурэт дзэ дыдэкэр диlэжкъ: шым тесу, адыгэ цей щыгъэшу. Уlэгъэ хьэлъэ хъууэ щытащ, еэым и дивизэр зэрыщымыlэжкъым къыхэкlыу. Дамыгъэ лъапlэ куэд иlэт. Зауэр иуха нэужьки Манычжурием ягъакlуэри, 1946 гъэращ Шэджэм къыщыкlуэжар.

Дэнэ ямыгъакlуэми, лэжьыгъэм и псэр етауэ зэрыбгъэдэтым гу лъатэрт. Iэпэдэгъэлэну зыри хуэщlэртэкъым. Зэрыщымыт зимыщlу, тыншу псоми ядекlуэкlырт. Гушыlэрейт егъэлеяуэ. Чым Тембот, Битокъу Муэзчыр, Джатэгъэжь Исмэхьил сымэ и ныбжьэгъушхуэт, дунейм ехьыжьу къыхуэпэжащ ахэр.

Унагъуэм и гугъу пщlмэ, нобзорей акъылкlи узригъэгупсысыжыр куэдщ. Къысхуэщlэжыркъым е и макъыр иlэтауэ, е пхъашэу къыдэпсэльауэ. Хъыджэбэ цыкlухэм егъэлеяуэ щабэу къытхущыытт. Кlуэ, ди дзэлъхум апхуэдэ дыдэу еубзэрэтэкъым. Щlалъэ цыкlур зыхуэныкъуэр нэгъуэщl хьэщl.

Ди анэм зэрыхущытым укlэпльпльыну гухэхъуэт. Сытым щыгъуи хуэгумащlэт. Езы мамэ ди адэм и псалъэм уебакъуэ мыхъункlи хьэкъыу тпхигъэкlат, фlэпlыкlышхуэ ди гум къриlыхьат.

Курыт еджапlэр къэзухыу Iэщlагъэ къыхэсхьн хуей щыхъум, гуязэджэм и тхыдэм сыдикъэхьрти, Мэзкуу къэрал университетым сыщlэтlысхьэным сыхуэпабгъэрт. Илъэс зыгъуитlкlэ абы зыхуэзгъэхьэзыраУэ, папэ: «Сыт уи мурадхэр?» - щыжиlэм, щыгъуаззэ сщlащ. Арщхьэкlэ, сызэримыгугъаУэ, «Ленэ, иджыпсту ди щыпlэр гугъуехь куэдым пэщlэтщ, е Iэмэпсымэ къыщlэгъэкlыным, е лымрэ щэмрэ, ерыскъыхэкlэм елэжьхьэм япыщlауэ зыщlыпlэ ущlэмыпlыхьэфыну пlэрэ?» - жиlащ. «Хьэуэ, папэ, сыт лы, сыт щэ, сэ гуманитарнэ Iэщlагъэ гуэрым фlэкlа сыхуеджэфынукъым, - жысlащ, - «МГИМО-р хъуну пlэрэ?» «Хьэуэ, ар къэзыуха цыхубзэкэ секретару зыщыпlэхэм щlэсу аращ, абы ухуейкъым». «Юридическэр хъуну?» - жысlащ. «Сэ уэ зоцlыхх. Уэ юрист къыпхэкlынукъым», - жиlащ. Къанэр инджылызыбзэрати, абы сыхуеджэныжкlэ тlыри арэзы дыхъуат. МГУ-м сыщlэтlысхьэну щыжысlэм идакъым. «Сыт напэр сиlэу си си хэкуэгъуэхэм саIуплъэну итlанэ? Сэ сыкъулыкъущlэщи, си быныр Мэзкуу щемыджэу хъунукъым, фэ фыфейхэр мыдэ щреджэж» жысlэну ара?» Абы сыт пэбдзыжынт? Аратти, ди университетым и инджылыз факультетыр къэзухащ.

Зыри ямылейуэ къыптиубыдыртэкъым. Цlыху пэжу, цlыху къабзэу, ди Iэщlагъэм хэтщlыкlыу арат дыкъызэрильъагъуну хуейр. Къулыкъущlэкъыу зи щытакъым папэ, гущlыкl хуиlэт апхуэдэ хьэлым. Пцlыlуэпцlышэхэр, утыкум хуэпабгъэхэр игу техуэнкlэ Iэмал иIэтэкъым. Щэхуу ди къалэн дгъэззэщlэным фlэкlа дунейм теткъым дызыхуинэтlа, езыри аращ зытетар.

Мэлбахьэ Тимборэрэ ди адэмрэ зэныбжьэгъушхуэт. Лэжьапlэми щакlуэ кlуэми зэгъуэз зэпытт. Iуащхьэмахуэ лъапэ ди щыналъэм къызэрыкагъэхьэжам егъэлеяуэ ягу хигъахьэуэт, емызэшу, кlуэ-къэкlуэжкъэу елlапlэрт. Ялэ дыдэу ирагъэжьа канаткэр ахэращ зыухуар, итlыстхьэхэри дэкlуеяуэ щытащ зэгъуэсу. Куэдым ящlэркъым, а тlур хэмылъфlыхьамэ, Iуащхьэмахуэ лъапэр тфlэкlуэдыпэнкlэ шынагъуэ зэрыщlыар. Дэри иужькlэ ди анэм къыщижиlэжауэ аращ, папэ зигъащlэгъуэным хузжейт. 1944 гъэм щегъэжьауэ 1957 гъэм нэсыху Iуащхьэмахуэ лъапэр Куржым и Iыхьэу щытащ, Тырныауэ деж я гъунапкъэм щыщlидзэрэ шлагбаум щытыжу. Яныныкъуэхэм къафlощl къулыкъу зыныгъэр щакlуэ я зэш трагъэуну кlуэуэ. Щэкlуэну ди Хэкум къакlуэ мэзкуу къулыкъущlэхэм я нэхъыбэр зи псалъэ пхыкl цlыхухьуэхэт. Абыхэм елlапlэуэрэ республикэр зыхуейзыхуэфl Iэзкукlэ ягурыIуэну Iэмал къалъхьуэу арат Мэлбахьэумрэ папэрэ.

Къулыкъум къытекlа нэхъкъ, папэ щакlуэхэмрэ бдзэжьеящхэмрэ я Iэхуащlапlэм и унафэщlу щытащ. «Иджыщ сэ си Iэщlагъэкlэ сыщылажьэр», - жиIэрт, а Iэхуитlри фЫ дыдэу илъагъуу зэрыщытым къыхэкlыу.

Уэыр зэуэззэпсу кьеуэлlат. Ди анэм и гъусэу зыгъэпсэхуакlуэ Iуащхьэмахуэ лъапэ кlуэхэри махуитl фlэкlа дэмыкlыу къэкlуэжахэщ. «Папэ бэуэфыркъым хуиту», - жиIэри рентген кърагъэплъащ. Абы тхьэмбылым фЫыцlагъэ иIэу къыщылъэтагъуащ. Грозным пульмонологэм я конференц щекlуэкlырти, Бер Мухьэдинрэ Пльэщокъуэ БетIалрэ нэхъ Iэзэlуэу абыхэм яхэт Перельман Налшык къашащ, папэ къраГъэплъыну. «ИкIэщlапlэкlэ умыгъуэлъу хъунукъым, операцэ тщlын уейщ», - жиIэри Москва яшащ, и тхьэмбылитlым я зыр къраХащ. Ди анэмрэ си шыпхъурмрэ щыlэ зэпытт, мыдрейхэр лэжьыгъэм дыкъыщ

Памук Орхьэн, Нобель саугъэтым и лауреат

Зи щжъэцыр дыщафэ Бзылъхугъэ

(КІэлъыкІуэр. Пщыдзэр №№23-25, 27, 29-32, 37, 38, 42, 46, 48-49-хэм итщ).

- Уи насып къикІащ, щхьэгъусэ пхуэхъуар бзылъхугъэ телъыджащ! - жиІащ си адэм сэлам къыщыжьым, Айшэ къыхуеупльэкІыуэр. - Иджы си гур уэркІэ мамырщ.

Таксим дыкъэкІыжу Панголты дыкъэшыкІуэжьым, сэ сыгуфІэрт си адэмрэ сэрэ дызэрызэрыгъуэтыжам щхьэкІэ. Зы пэш фІэкІа мыхъуу фэтэру дызэшІэс унэ щыкІыр Фёрикёйрэ Долапдерерэ зэпызыщІэ гъэузгум тетт. Дэ тІур абы дыщынасыпмкІэт, ди унэр щыкІуми, ди нейр зейр дэра къытфІэщІыжу дыщыпсэурт, дызэдэгушІэм дызэдэжьгуурэ. Мыхьмуд-Іэзэ сигу къыщридзэр зэхэмызэхэхэт, нэхъыбэу сызэгупсысри къыщыщІар зэрызмыщІэрт.

Дзэ къулыкъур къесхьэІа нэужь, сэ лэжьапІэ сыуваш Геологие къэхутэныгъэхэмкІэ агентствэм и къудамэу Истамбыл щыІэм. Си курсэгупсэр къыщІэнакІэрт: «ГеологиемкІэ щІэныгъэ нэхъыщхьэ зиІэм Тыркуи щищІэфынур зэрыхьур кебаб щагъэхьэзыр шхапІэ мыин е уэхэнысгъэм елэжь Іузхущапіэ цыкІу къызэІуихынращ», - жаІэрпэ. Нэгъэущыу жьІпІэмэ, абыхэм къызэральытэмкІэ, си пхъэ къикІат апхуэдэ Іэнатіэ къызэрызгъуэтам щхьэкІэ. Тыркум щыщ уэхуакІуэ гупхэр щылажьэрт хъэрып къэралхэм, Украинэм, Румыниемм. Абыхэм Іэмэпсымэхэр тралъхэрт, псыр зыубыд дамбэхэр ящІырт, геологие къэхутэныгъэхэр езыгъэкІуэкІыж Іэщ1агъэлІи яхэмытыну Іэмал иІэтэкъым. Япэщ1ыкІэ къысхуагъэльэгъуа лэжьапІэр Ливиерат здэщыІэр, ауэ абы сыщылэжьэн щхьэжьІэ илъэсым щыщу мазихкІэ а къэралым сыщыщІэн хуейт сыкъэмыкІыу. КъищынэмыщІауэ, си щхьэгъусэмрэ сэрэ диІэпІэкІейтрт иджыри къэсэ сабий дызэримыІэм. Абы и ІуэхукІэ дэ мурад тщІащ Истамбул щыІэ ди нэІуасэ дохутырхэм дахуэзэну. Арати, дэ Истамбыл дыкъэкІуэжащ.

1997 гъэм сэ лэжьапІэ сыуваш Къэзахъстаныгмрэ Азербайджанымрэ Іуэху щызыщІэ ухуакІуэ фирмэм. ИкІи илъэс пщыкІутхур къуахьлъатэм сису зГъэкІащ, мылъку тІэкІуи зэздзылІэну сыхуэнэщ. Дэ дыІэпхьуащ Панголты хьэблэм дзт унэ нэхъ лъапІэхэм ящыщ щы. Тхьэмахуэ махуэхэм, Истамбыл сыщыІуэ ирихьэлІэмэ, Айшэрэ сэрэ сатУ центрышхуэхэм дыщыщахуэрт е кином дыкІуэрт. ПщыхьэщхьэкІэрэ къэрал лІыщхьэхэм я къэпсэлъэныгъэхэмрэ хъыбарыщІэхэмрэ телевизорымкІэ деплъурэ дызэдзэкІэрт. Къэдрэ дытепсэлъыхьырт сабий дызэримыІэм ди унагъуэр насыпыр ныкъуэ ищІын зэрыхуэмейм.

Зэзэмызэ сэ сыщІыхьэрт Бешикташ щыІэ «Дениз» тхьылъапІэм. Арэ зей Дениз-бей куэд щІауэ къыгурыІуат сэ тхакІуэ сызэрымысыжнур, ауэ Іуэху дэсщІэну сригъэблагъэрт. Си гъащІэр адрей цыкІуэ къыззэрыгуэкІхэм я псэукІэм ещхь хъуат, уеблэмэ зыкъомкІэ нэхъыфІуи къэпльытэ хъунут. Иныкъуэхэм деж си щхьэ хужьыслэжьыр зыри къэмыхъуам хуэдэу сыпсэуныр къызэрызэхъулІэр, ауэ МыхьмудІэзи си гум ихуатэкъым. Айшэ зыкъезмыгъащІэ щхьэкІэ, бын сызэримыІэм сримыбамПІуэи щыттэкъым.

Йешилкёй хьэблэм щыІэ Ататюрк къхъулъэтапІэм зыкъыщыщыІэт къхъулъатэ псоми, щалъхуа щыпІэм ихэтэж бэр ИстамбылІэхэм хуэдэу, Истамбыл щхьэщыту къыхьэпІэмкІэ зыкъаГъаэзрт, укъеплыкъмэ, Онгёрен Іупщыбзэу пльаГъуу. Ар хьы ФІыцІэмрэ Мрамор тенджызымрэ я зэхуакум дэль щы кІапэм хуэзэрт, хы Іуфэ зыгъэнсэхупІэхэмрэ щыдагъэ хьуманІэшхуэхэмрэ япэмыжьжьэу. Абы къыдэкІуэу Онгёрен пэІэщІэт щхьэантІагъэмрэ жыг бариншэхэмрэ куэду къыщыкІ, гъаевэр бэву къыщыхъу щы пшэрхэм. Жьыжьапльэуи нэрылъагурт дыгъэм илыгъуа я щІыпІэхэр зэрымыхьерыфІэр. Щхьэгъубжэ хъурей цыкІум сигъэльагъу теплъэгъуэр напІэзэпІэм кІуэдыжьрт, кхъухьлъатэм зыкъыщыгъазэкІэ и дамэр иІэтурэ бгъунж хъуртри.

Зэманыр кІуэрт, ди ныбжьыр хэкІуатэрт, сабий дызэримыІэм хуэдэт. Онгёренрэ ИстамбылІэ я зэхуаку дэльа щІыр хуэм-хуэмурэ яуфэбгъурт махуэ къэс къэунэку фабрикэхэм, зэмыапІэшхуэхэм, Іуэхущапіэ зэмылІэужьыгъуэхэм. Язынныкъуэ заводхэм я цІэкэр я унащхьэхэм хьэрфышхуэкІэ тетхат, кхъухьлъатэхэм ицу блэкІэхэми зыкъраГъащІыхьи щхьэкІэ. Фабрикэхэм къегъэпщІэкІат лъэщапІэ зэмылІэужьыгъуэхэр, ерыскъыпхъэ зыГъэхьэзэыр Іуэхущапіэ мыинхэр - лэчи сэхуи зыщымыхуа учэ лъахъшэ фейцей цыкІуэхэр. Кхъухьлъатэм нэхъ лъагэу зиІэтыхукІэ нэрылъагъу кхъэхурт зы жэщ-махуэм зэрыпэщІ унэ лъэбышІэ цыкІуэхэр щыкуэд хьэблэхэри. Истамбыл ихъурежгъым тІэкІу-тІэкІууэ къыщыунэку къуажэхэмрэ жылэхэмрэ заубгъуртри, къалэ цыкІу хъурт. Дапщэ сымыльатэми, зэпымыууэ гу лъыстэрт ухуэнысгъэщІэ гуэрхэми, ахэр мыгъэвэ Истамбыл и «Іэпплэм» къызэрихутэми. КІуэ пэтми нэхъ бгъуфэ хъу гъуэгухэм щыізэблэкІыпт хъумпІэщІэдж чэруаным ещхь машинэмин бжыгъэхэр. Нэрылъагъут дыдейм и зыужьыкІэ псынщІэм Мыхьмуд-Іэзэ и Іэщ1агъэ зэригъэкІуэдар.

Белрэ фІанэкІэ щІыр къратхъуэ илъэсищэ бжыгъэкІэ къэгъуэгурыкІуа псыкъуиитІ Іэщ1агъэ Истамбыл дэкІуэдыкІащ XX лІэщІыгъуэм и 80 гъэхэм и кум. Гъэмахуэм Айшэрэсэрэсэрэс